



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU SÈVIS WOUT RAY LONG ISLAND APRÈ DERAYMAN TOUPRE ESTASYON JAMAICA

Tren nan direksyon lès sikisal Hempstead yo ap kontoune Hollis ak Queens Village

Otobis transpò Vil New York yo pral aksepte pri LIRR nan otobis Q2, Q3, Q8 ak Q110 pou sèvis ant Jamaica ak Queens Village

Kliyan yo ta dwe atann ak chanjman pis nan Jamaica ak reta posib, tcheke aplikasyon MTA TrainTime lan ak MTA.info pou dènye mizajou yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou sèvis Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) apre derayman tren maten an nan lès Estasyon Jamaica. Ekip yo te reponn sou sèn nan imedyatman apre ensidan an epi yo pa te rapòte okenn blesi ki menase lavi yo.

"Apre derayman maten an, mwen te mande MTA a ak lòt pèsonèl Eta a pou yo fè tout sa ki posib pou sipòte pasaje ki te afekte yo epi pou yo retounen rapid nan sèvis konplè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan anvè travayè ekipaj MTA yo ak premye sekouris yo ki rapidman pran mezi apre ensidan sa a."

Kliyan yo ta dwe atann chanjman pis nan Jamaica ak reta posib jiska demen nan midi. Tren nan direksyon lès Sikisal Hempstead yo ap kontoune Hollis ak Queens Village New York City Transit ap respekte otobis Q2, Q3, Q8 ak Q110 pou sèvis ant Jamaica ak Queens Village. Yo konseye kliyan yo tcheke aplikasyon TrainTime lan ak [mta.info](https://www.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis yo.

Tren 722 ki t ap soti Grand Central, ki te dirije li Hempstead, te enplike nan yon derayman uit machin nan apeprè 11:12 a.m. Te gen apeprè 100 pasaje abò ki te byen vit jwenn asistans pèsonèl Wout Ray Long Island lan, ki te soti nan alafwa Etabisman Antretyen Hillside la ak Jamaica, ansanm ak ekipaj tren an. Mwens pase dezèdtan apre, FDNY ak LIRR te pote yon tren sekou sou sit ensidan an pou pran pasaje yo epi mennen yo nan pwochen estasyon an. Te gen 13 blesi konfime, pa youn nan blesi yo pa menase lavi yo.

Manm ekipaj ak ekipman yo kounye a sou plas, y ap travay pou retabli sèvis konplè. Pwosesis sa a gen ladan repare ray, repare domaj nan travès wout ray yo ak repare lòt enfrastrikti.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)